WIKIPÉDIA

Basa Basque

Basque (wonten ing Basque: *Euskara*) inggih punika basa ingkang dipuntuturaken déning tiyang Basque ingkang dumunung ing Pyrenea ing Lèr-Tengah Spanyol lan sisihan kaliyan kawasan Lèr-Kilèn Prancis. Langkung mligi, Basque ingkang dumunung wonten ing wewengkon otonom Spanyol ingkang dipuntepangi minangka Nagari Basque (*Euskadi*), ingkang gadhah kapentingan kabudayan lan otonomi pulitik. Tiyang Basque ugi minangka sapérangan ageng pendhudhuk saking wewengkon ingkang dipuntepangi minangka Nagari Basque Lèr ing Prancis lan wewengkon otonom Navarro ing Spanyol. Nami kanggé basa wonten ing Basque Standar inggih punika **euskara**; wangun dhialèk sanès inggih punika *euskera*, *eskuara* lan *üskara*. Éwadéné géografinipun dipunklilingi déning basa Indo-Éropah, Basque dipunpitadosi minangka basa ingkang kapinggiraken. Piyambakipun sanès basa Indo-Éropah.[2]

Basque	
	Euskara
Asal	Spanyol Prancis
Laladan	Cithakan:Country data Basque Country Nagari Basque kejawi pérangan paling kilèn saking Biscay, sapérangan ageng Alava lan Navarre
Panyatur asli	1,063,700 (basa pisanan: 665,700) taun 2006[1] (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Isolat (Pirsani ngandhap)
Status resmi	
Basa resmi ing	Basque Country Autonomous Community lan Navarre
Diatur déning	Euskaltzaindia
Kodhe basa	
ISO 639-1	eu
ISO 639-2	baq (B) eus (T)
ISO 639-3	eus



Basque speaking area

Isi

Sajarah lan klasifikasi
Sistem panyeratan
Unèn- unèn
- Unèn-unèn dhasar
- Wilangan

Kamus
Pranala njawi
- Tata basa
- Kamus
- Klasifikasi

Cathetan suku
Wacanan sapanjuré

Sajarah lan klasifikasi

Leluhur bangsa Basque inggih punika salah satunggaling kang ndunungi paling sepuh Éropah, lan asal-usulipun taksih dèrèng dipunmangertosi. Mekaten ugi kanthi asal-usul basanipun. Langkung kathah sarjana sami nganggep Basque minangka basa ingkang kaisolasi.

Tulisan-tulisan Latin wonten ing Aquitania nglestantunaken sapérangan tembung ingkang mèmper kaliyan basa proto-Basque, kados wonten ing nami dhiri Nescato (*neskato* tegesipun "kenya enèm" wonten ing basa Basque modhèren). Basa ingkang dipunusulaken punika dipunsukani nami "Aquitania" lan dipundugi dipun-ginakaken sadèrèngipun tiyang-tiyang saking Romawi bekta basa Latin dhumateng wewengkon Pyrenea kilèn. Amargi tiyang-tiyang Romawi nilaraken tlatah lebet punika, basa Basque Aquitania saged kajagi, déné basa Iberia lan Tartessia mati. Basque lajeng mendhet sapérangan tetembungan Latin, ingkang sadèrèngipun lan sasampunipun basa Latin wonten ing tlatah punika ngrembaka dados basa Gascon (satunggaling pang saking basa Occitan) lan Roman Navarro.[3]



Lokasi provinsi Basque ing Spanyol lan Prancis



Amargi wates antawising Basque lan tlatah Gascon langkung kirang saking tlatah Basque lan Kastilian, limrahipun dipundugi bilih bangsa Basque asalipun saking Aquitania lan bilih golongan punika migrasi dhumateng sisih kidul.



dhialèk Basque

Sistem panyeratan

Basa Basque dipunserat kanthi migunakaken abjad Latin. Huruf mligi ingkang universal inggih punika *ñ*; kadhang kala *ç* lan *ü* ugi dipun-ginakaken. Basa Basque boten migunakaken *c, q, v, w, y* kejawi kanggé tembung-tembung silihan; huruf-huruf punika boten dipunanggep minangka péranganing abjad Basque.

> Aa Bb Dd Ee Ff Gg Hh Ii Jj Kk Ll Mm Nn Ññ
> Oo Pp Rr Ss Tt Uu Xx Zz

dd, ll, rr, ts, tt, tx, tz boten dipuntindakaken minangka digraf.

Wonten ing ortografi Sabino Arana (1865..1903), *ll* lan *rr* kagantosaken kaliyan *ĺ* lan *ŕ*.

Unèn- unèn

Unèn-unèn dhasar

- **Bai** = inggih
- **Ez** = boten
- **Kaixo!**, **Agur!** = Hallo
- **Agur!**, **Adio!** = Sugeng pepanggihan!
- **Ikusi arte** = Sugeng pepanggihan malih!
- **Eskerrik asko!** = Matur nuwun!
- **Egun on** = Sugeng énjing (teges harafiah: Sugeng siyang)
- **Egun on, bai** = Wangsulan standar kanggé **Egun on**
- **Arratsalde on** = Sugeng ndalu (*Good evening*)

- **Gabon** = Sugeng ndalu (*Good night*)
- **Mesedez** = Nyuwun tulung (*please*)
- **Barkatu** = Pangapunten
- **Aizu!** = Mirengaken! (nyuwun kawigatosan, kirang sopan, namung dipun-ginakaken kaliyan kanca)[4]

Wilangan

1	bat
2	bi
3	hiru
4	lau
5	bost
6	sei
7	zazpi
8	zortzi
9	bederatzi
10	hamar
11	hamaika
12	hamabi
13	hamahiru
14	hamalau
15	hamabost
16	hamasei
17	hamazazpi
18	hemezortzi
19	hemeretzi
20	hogei
21	hogeita bat
22	hogeita bi
23	hogeita hiru
30	hogeita hamar (20+10)
31	hogeita hamaika (20+11)
40	berrogei (2×20)
50	berrogeita hamar (2×20+10)
60	hirurogeita (3×20)
70	hirurogeita hamar (3×20+10)
80	larogei
90	larogeita hamar
100	ehun
200	berrehun
300	hirurehun
1000	mila
2000	bimila
1.000.000	milioi bat
gunggung _____	_____ zenbaki (*sepur, bis, lsp.*)

setengah	erdi
kirang	gutxi
langkung	gehiago

Kamus

- Basque Dictionary (http://www.websters-online-dictionary.org/translation/Basque/) from Webster's Dictionary (http://www.websters-online-dictionary.org)

Pranala njawi

Èdhisi Basque saka Wikipédia, bauwarna bébas

- Center for Basque Studies at University of Nevada, Reno (http://basque.unr.edu/)
- Larry Trask: A Linguistic Sketch of Basque (http://www.cogs.susx.ac.uk/users/larryt/basque.sketch.html)
- Larry Trask: Some Important Basque Words (And a Bit of Culture) (http://www.cogs.susx.ac.uk/users/larryt/basque.words.html)
- A proposal for Basque SAMPA (http://bips.bi.ehu.es/ahoweb/files/sampa.html)
- The Devil Wanted to Learn Basque (http://www.francemonthly.com/n/0205/index.php#article7) dari France Monthly (http://www.francemonthly.com/)

Tata basa

- University of the Basque Country: A Brief Grammar of Euskara, the Basque Language (http://www.ehu.es/grammar/)
- Basque Verb Tables (http://www.euskalnet.net/chief/aditz/)

Kamus

- Morris Student Plus: Basque - English - Basque dictionary (67.000 kata + 120.000 ungkapan dan idioma) (http://www1.euskadi.net/morris/dictionary.htm)

Klasifikasi

- A Final (?) Response to the Basque Debate in Mother Tongue 1 by John D. Bengston (scanned pages) (http://www.people.fas.harvard.edu/~witzel/mt26s.html)

Cathetan suku

1. Forth sociolinguistic enquiries (http://web.archive.org/web/20080626204632/http://www.eitb.com/content2/dokumentuak/inkesta_soziolinguistikoa_20080618.pdf) in Basque Country or *IV. Inkesta Soziolinguistikoa*
2. Lapuran etnolog kanggé Basque (http://www.ethnologue.com/show_language.asp?code=eus)
3. http://www.hermanboel.be/taal-en-basque.htm Concise course of Basque
4. Basque Studies Program Newsletter (http://basque.unr.edu/09/9.3/9.3.18t/9.3.18.05.misc1.htm) · Issue 18, 1978. Miguel Echegaray maringaken sapérangan usulan perékawis kemungkinan gegandhèngan ètimologis antawisipun tembung-tembung Basque lan Inggris

Wacanan sapanjuré

- AZURMENDI, Joxe: "Die Bedeutung der Sprache in Renaissance und Reformation und die Entstehung der baskischen Literatur im religiösen und politischen Konfliktgebiet zwischen Spanien und Frankreich" In: Wolfgang W. Moelleken (Herausgeber), Peter J. Weber (Herausgeber): *Neue Forschungsarbeiten zur Kontaktlinguistik*, Bonn: Dümmler, 1997. ISBN 978-3537864192
- HUALDE, José Ignacio & DE URBINA, Jon Ortiz (eds.): *A Grammar of Basque*. Berlin: Mouton de Gruyter, 2003. ISBN 3-11-017683-1.
- TRASK, R. Larry: *History of Basque*. New York/London: Routledge, 1996. ISBN 0-415-13116-2.

Èdhisi Basque saka Wikipédia, bauwarna bébas

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Basque&oldid=1437795"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 11.33, 8 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.